



Pou Piblikasyon Imedya: 30/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RENOUVÈLMAN WHITE PLAINS METRO-NORTH STATION

Pwojè ki koute 95 milyon dola a te acheve an konfòmite ak bidjè a epi li gen ladan renovasyon estasyon pou yon aksesibilite amelyore ak mizajou sekirite.

Yo transfòme sal datant lan gras ak amelyorasyon modèn yo

Foto yo disponib [isit la](#); Videyo Konferans pou laprès MTA jodi a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman renouvèlman total estasyon MTA Metro-North Railroad ki koute 95 milyon dola nan anba lavil White Plains, ki te transfòme estasyon an pou vin yon konplèks modèn. Renovasyon an te kòmanse an 2018 nan kad Inisyativ Amelyorasyon Estasyon Metro-North la pou pote yon atmosfè ki pi pratik pou vwayajè yo.

Transfòmasyon estasyon total la te enkli yon renovasyon nan antre prensipal estasyon an nan plas estasyon an, nan antre Main Street la, nan antre Hamilton Avenue an, ak nan tinèl Mott Street la. Yo te remodele estasyon an pou pote yon bote modèn epi ki ajou nan estasyon an, ki gen ladan siyal ki ajou, antre an vè, estrikti an bwa, yon antre prensipal ki elaji, yon ekleraj amelyore ak sistèm HVAC modènize. Yo te elaji platfòm lateral ak sa ki bò zile a pou ogmante kapasite pandan gen plis pasaje k ap retounen nan sistèm nan.

"Amelyore sant transpò nou yo pou satisfè egzijans 21èm syèk la ap favorize retou ekonomik nou bezwen jodi a, epi l ap ede kenbe ekonomi New York la konpetitif alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Estasyon renove ki nan White Plains se yon premye egzanp angajman sa a epi ak amelyorasyon sa yo ki fini kounye a, vwayajè ak vizitè yo pral gen aksè ak yon eksperyans vwayaj klas mondyal ki pi an sekirite."

"Transpò an mas se kolòn vètebral ekonomi nou an pandan moun yo kontinye retounen nan espas travay yo, epi pwojè a gran echèl pou ranfòse enfrastrikti nou an pral ede Nouyòkè yo retounen nan ray yo", **Gouvènè Adjwen Brian Benjamin te deklare.** "Metro-North se yon konektè kle pou rezidan Konte Westchester yo pou ale nan Vil New York, se poutèt sa amelyore sant ray enpòtan yo tankou White Plains pral pèmèt nou kenbe rekiperasyon ekonomik sa a sou bon wout la."

Janno Lieber, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, te deklare, "Fason pou konstwi ak kenbe pasaj se transfòme estasyon ki sèvi bezwen kliyan yo odela tren an. White Plains se twazyèm pi gwo estasyon Metro-North ki te sèvi plizyè milye vwayajè nan yon jou an mwayèn anvan pandemi an. Pwojè sa a founi yon konplèks transpò modèn ke sant sivik ak biznis nan Konte Westchester a merite lè li bay ekipman ki bay kliyan yo kapasite pou yo pwodiktif pandan y ap rete aktif, pou ankouraje yo retounen nan transpò an mas."

Catherine Rinaldi, Prezidan Wout Ray Metro-North la, te deklare, "Pwojè renouvèlman White Plains la se sa pwogram *Way Ahead* la ye menm, bay kliyan nou yo pi bon eksperyans posib pandan yo nan sistèm nan, sa k ap amelyore enfrastrikti nou ak ogmante aksè. White Plains se yon gwo destinasyon vwayaj envès, anplis li sèvi kliyan ki vwayaje nan vil la. Mwen ta renmen remèsye Vil White Plains ak Konte Westchester paske yo se gwo patnè nan avanse pwojè sa a, ansanm ak tout ekip pwojè a paske yo yon travay yon fason ki vrèman eksepsyonèl k ap bay yon estasyon modènize ki pral sèvi Metro-North ak kliyan White Plains nou yo pou ane k ap vini yo."

Ekip yo te enstale yon nouvo asansè ki konplètman konfòm ak Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act) yo. Asansè a mennen moun soti nan sal datan prensipal la pou ale nan platfòm lateral yo ki jeneralman itilize pou arive nan direksyon nò yo.

Quemuel Arroyo, ki se Responsab Aksè MTA a, te deklare, "Yon priyorite santral renovasyon sa a se te amelyore aksesibilite. Pou itilizatè chèn woulant tankou mwen menm, granmoun aje ki gen andikap yo, paran ki gen timoun nan pousèt ak anpil lòt moun, li ka difisil pou deplase, men se pa nan White Plains. Sa a ta dwe sèvi kòm yon modèl pou tout estasyon MTA pandan n ap fè efò pou jwenn aksè ak tout sistèm nan."

Rhonda Herman, Prezidan Komite Metro-North Konsèy MTA a, te deklare, "Estasyon White Plains la se yon pati entegral nan Harlem Line, ak nan kominote White Plains la. Li enpòtan anpil pou nou reflekte enpòtans sa a ak estanda klas mondyal alafwa nan yon pèspektiv sèvis ak pèspektiv eksperyans kliyantèl, ke pwojè sa a akonpli. Mwen bat bravo pou Metro-North paske li te fini pwojè sa a alè, paske n ap re-akeyi plis pasaje."

Pwojè a te enkli konstriksyon nouvo eskalye ak yon sistèm otomatik pou fonn nèj ak glas pandan y ap tonbe, sa k ap ede anpeche sifas ki glise pandan move tan an. Ekip yo te enstale tou nouvo ovan platfòm ak plafon an bwa, ak ekleraj LED ki koresponn ak bote modènize nan antre prensipal la.

Sal datan sou platfòm sou bò zile a te renove ak espas elaji, espas an vè ak nouvo panno mi estasyon enteryè, plafon ak enstalasyon an bwa. Yo te renove tou espas biyè tikè yo, twalèt yo ak espas konsesyon yo pou yo adapte ak nouvo anbyans estasyon an. Yo te enstale ekran digital anplis yon pi bon kontwòl chofaj ak refwadisman pou pasaje yo ka tann tren alèz.

Vwayajè yo k ap chèche fè travay yon fason aktif pral remake tou ogmantasyon ekipman nan estasyon an tankou koneksyon Wi-Fi ak selilè ak chajè USB sou ban yo. Yo te ajoute ekran dijital sou platfòm yo tou pou bay aksè pratik ak enfòmasyon sou tren yo. Siyal dijital la konplete machin vant tikè ki fèk enstale yo pou fè anviwònman estasyon an vin pi pratik pou kliyan yo menm.

Estasyon renove an gen ladan tou nouvo travay atistik an mozayik epi ki kouvri an vè pa atis Barbara Takenaga ki gen fòm abstrè estilize siyati atis la.

Sandra Bloodworth, Direktè MTA Arts & Design, te deklare, "Barbara pote fòm ritmik epi eblouyisant li yo nan ritm vwayaj chak jou nou an, sa ki bay nou enèji nou pandan n ap vwayaje ak liy enfini li yo ki sanble voye nou moute pandan vwayaj nou an. Forte (Quarropas) ak Blue Rails (White Plains), te enstale nan Estasyon White Plains Metro North la, ak koulè ble pwofon ak vibran yo, gen potansyèl pou transpòte woutin vwayaj nou an yon vwayaj cosmic inatandi."

Estasyon White Plains lan se twazyèm pi gwo estasyon Metro-North, ki sèvi plis pase 12,000 vwayajè nan jou lasemèn anvan pandemi an, lè li pousuiv sèlman Stamford ak Grand Central Terminal. Menm jan ak estasyon Stamford nan New Haven Line, estasyon White Plains lan se yon estasyon sant pou pasaje Harlem Line yo, ki bay sèvis eksprès ak lokal. Anplis koneksyon lokal ak eksprès yo, estasyon an se yon sant tou pou koneksyon otobis, ak apeprè 3,000 transfè otobis pa jou nan moman anvan pandemi an.

Reprezantan Mondaire Jones te deklare, "Mwen kontan dèske apre twazan renovasyon, estasyon tren White Plains la finalman fini. Kòm estasyon ki pi okipe nan Westchester, estasyon tren White Plains konekte plizyè milye moun atravè 17èm Distri Kongrè New York la. Avèk aksesibilite ADA amelyore, ekipman modènize tankou Wi-Fi ak chajè USB, ak plis ankò, nouvo estasyon sa a pral amelyore vwayaj yo ak lavi anpil moun. Renovasyon yo reprezante yon etap ki nesèsè anpil nan batay pou transpò an sekirite ak fyab nan Konte Westchester. Investisman nan transpò piblik nou an se investisman nan kominote nou yo, epi mwen pran angajman pou m kontinye goumen pou investisman federal ki nesèsè pou asire ke moun nan distri mwen an ak nan tout peyi a gen transpò yo merite."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Achèvman pwojè a nan pwojè sa a se bòn nouvèl pou White Plains ak Konte Westchester. Transpò piblik modèn se yon kle pou siviv pou vil yo. Se yon gwo benefis pou rezidan yo ak yon pwenvant pou kòperasyon yo. Plis pase 12,000 pasaje konte sou estasyon sa a chak jou lasemèn, epi ak pwojè enfrastrikti sa a ki fini, yo deja gen yon pi bon eksperyans vwayaj. Mizajou estasyon an amelyore aksesibilite, ogmante sekirite, ak amelyore aksè ak Wi-Fi. Majorite Sena Eta a ap kontinye bay priyorite epi investi nan enfrastrikti Eta nou an, epi mwen remèsye MTA pou travay li fè pou amelyore anpil estasyon ki pi enpòtan sa a."

Senatè Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen kontan anpil pou finisman re-konsepsyon ak renovasyon estasyon tren White Plains lan. Li rete pami estasyon ki gen pi gwo kantite moun nan sistèm Metro-North la, epi modènizasyon li pral ede atire pasaje yo tounen nan sistèm nan pandan n ap rebati ekonomi an."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Renovasyon ki fini nan estasyon tren White Plains la se yon bon nouvèl pou plizyè milye rezidan ki konte sou Metro-North pou rive kote yo prale chak semèn. Estasyon revitalize a asire pi gwo aksesibilite, li amelyore eksperyans ak sèvis kliyantèl, epi amelyore sekirite. Estasyon White Plains la se estasyon tren ki pi okipe nan Westchester epi li enpòtan anpil pou rezidan Konte nou yo ak pou ekonomi an. Mwen pral kontinye defann pou envesti nan pwojè transpò piblik tankou sa a, ki amelyore lavi kotidyen tout moun ki travay epi k ap viv nan Vil White Plains ak nan rejyon nou an."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "Mwen kontan dèske yon gwo renovasyon nan Estasyon White Plains Metro North la deja fini. Pandan n ap soti anba pandemi an, vwayajè estasyon ke yo itilize anpil sa a pral akeyi chalerezman yon anviwonman ki pi an sekirite, ki konfòm ak ADA epi ki pi efikas, ki gen anpil ekipman sipèb soti nan koneksyon Wi-Fi ak selilè pou rive nan yon zòn sal datant elaji ak espas vandè amelyore. Mwen ta renmen remèsye MTA paske li delivre yon pwodwi ki ekselan ak pou tenasite yo nan jere li."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Estasyon sa a se yon gwo sant pou vwayajè Westchester yo epi travay ki fèt isit la - nan mitan yon pandemi - pral gen yon enpak pozitif sou plizyè milye moun ki konte sou li chak jou. Devlopman ki santre sou kote ki pratik pou vwayajè yo pral yon gwo avantaj pou pèspektiv rekiperasyon COVID-19 nou yo epi mwen felisite lidèchip MTA a paske li te rann yo fè gwo travay sa a."

Majistra White Plains Tom Roach te deklare, "Felisitasyon a Metro-North ak Prezidan Catherine Rinaldi pou finisman amelyorasyon enpòtan sa a nan estasyon White Plains la, ki se yon estasyon ki pi okipe nan sistèm Metro-North la. Etandone nivo aktivite elve nan estasyon an, mwen te kwè ke li merite yon amelyorasyon depi lontan. Sa a te vin pi aparant pandan Vil la te kòmanse travay redevlopman zòn ki imedyatman adjasan ak estasyon an. Travay sa a ap kontinye epi san dout pral amelyore pa envestisman ki fèt pa Metro-North. Se yon rekonesans sou enpòtan estasyon White Plains la kòm yon sant nan sistèm Metro-North la ak yon rekonesans nan entèkoneksyon estasyon an ak vitalite ekonomik vil nou an."

Pwojè a te fè pati Inisyativ Amelyorasyon Estasyon Metro-North (Metro-North's Station Improvement Initiative) la, ki te finanse pa Pwogram Kapital 2015-2019 ak 2020-2024 MTA yo, epi dekonsè ak plan *Way Ahead* Metro-North pou amelyore eksperyans kliyantèl la. Objektif Inisyativ Amelyorasyon Estasyon sa a se pou transfòme ak elve eksperyans kliyan an jeneral nan pote estanda klas mondyal, ak yon konsantrasyon sou amelyore pèsepsyon piblik la atravè entwodiksyon nouvo teknoloji ak inovasyon konsepsyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)